ВЫБОРЫ—2011

# ПУСТЬ ВОСТОРЖЕСТВУЕТ СПРАВЕДЛИВОСТЬ!

**Уважаемые жители Ардонского района!**

4 декабря вся Россия и, конечно же, наша Осетия будет участвовать в выборах. Выборы — это пора, когда народ проявляет свою политическую активность. В последнее время только кажется, что страна движется в правильном направлении, но на самом деле именно для жизни людей ничего не делается. Все население России обременено непосильными налогами.

Лишь одно на устах людей: “Это не справеддливо”, “Где справеддивость?”.

У партии “Справедливая Россия” есть четкая, реальная, а главное, народная программа развития страны и вывода ее из финансово-экономического кризиса.

Нет оправдания той внутренней политике, которая строится на установлении неравенства в обществе — обогащении одних, полного оправдания их незаконных действий и полного обнищания других — а именно большего количества населения страны. В большей степени это относится к бюджетникам.

То же самое касается жителей села, людей, испокон веков кормивших страну. Если этих людей не поддержать, попросту истощится страна. До каких пор “хионизм” и лоббизм будут главными принципами политического управления. В таких условиях простому человеку достучаться до истины практически невозможно.

Уважаемые наши избиратели! Дорогие ардонцы! Если мы дружно все пожелаем изменить жизнь к лучшему, так все и будет. И 4 декабря есть для этого шанс. Верьте в себя, в свой выбор. Верьте партии “Справедливая Россия”, она создана для народа, но без вашей поддержки, как и любой другой партии, нам будет трудно победить. Мы надеемся на вашу поддержку. Пусть восторжествует справедливость!

До встречи на выборах!

**Штаб “Справедливой России” по Ардонскому району.**




Материалы публикуются на бесплатной основе.

*Бæрæгбон*

# Ирон фарны ратæдзæнтæ



**Кувæндонмæ нæ фыдæлтæ нуазинагæй хастой æрмæстдæр бæгæны æмæ дзы кодтой æрмæстдæр æртæ сидты: Сты Хуыцаумæ скувын; кувæндон кæй номыл у, уымæ батабу кæнын æмæ йыл бинонты, кæнæ сыхбæсты, кæнæ хъæубæсты бафæдзæхсын. Кувæндоны фынг кæй номæй уа, уыдоны бафæдзæхсын.**

Кувæндоны бын бæрæгбоны сæйрагдæр у хъæлдзæгдзинад, райзæрдæдзинад. Хъæбæр нозт æм хæссын кæй райдыдтам, дæргъвæтин сидтытæ дзы кæй фæкæнæм, æмæ дзы расыг адæм æнæуаг дзыхæй кæй сдзурынц, кæрæдзийæн фыдбылыз кæй ракæнынц, уый тыххæй нын, æвæццæгæн, нæ кувын нæдæр Стыр Хуыцау исы, нæдæр — зæдтæ æмæ дауджытæ. Бæллæхтæ дæр ныл, чи зоны, уый фыдæй цæуы.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби.**

*Хæдзарвæндаг*

# ЦАРДМÆ ФÆСТÆМÆ АКÆСГÆЙÆ...

Саламты Михал æмæ Адесы бинонты ивгъуыд æнусы Æрыдоны цæрджытæй чи нæ зыдта, æвæццæгæн, ахæм адæймаг æнæхъæн хъæуы дæр зын ссарæн уыди. Хъомыл кодтой фондз сывæллоны — æртæ лæппуйы æмæ дыууæ чызджы. Уыдонæн сæ хистæр уыди Къола — ирон адæмы уарзон артист, уый дæле — Райæ, Амырхан, Зинæ æмæ Сослан.

Михал 30-æм азты куыста Дарг-Къохы. Уым йе 'мкусджытимæ къахта телыхъæдтæн дзыхъхъытæ. Уыцы рæстæг Æрыдоны кæрон аразын райдыдтой хоры комбинат (заготзерно).

Иухатт, фæскуыст, ног арæзтады рæзты сцæйцæугæйæ, Михалы йæ зонгæтæй чидæр афарста, ардæм æхсæвгæсæй чи бацæуа, ахæм лæг нæ зоныс, зæгъгæ. Уæд ын уый афтæ: "Мæхædæг цы кæнын?" Уый та ноджы хуыздæр, зæгъгæ, бацин кодта Михалы зонгæ. Афтæ Саламты бинонты хистæр райдыдта кусын хоры комбинаты. Уыдис хорз кусæг. Нымадтой йæ æмæ йын аргъ кодтой йе 'мкусджытæ иууылдæр. Фæлæ 1937 азы йæ цард йæхи фæндиаг нал цыд. Æмæ цæмæй рæстæджы азарæй ма басудза, уый тыххæй йæ ныууадзын хъуыд ацы куысты бынат. Уый фæстæ Зембатты Петры руаджы, Куку йæ хуыдтой цæрджытæ, кусын райдыдта скъолады хицауæй, Алагиры цы "Реалбаза" уыд, уым.

— Æз аст къласы каст куы фæдæн, уæд мæ мæ фыд ахуыдта йæхи куыстуатмæ, лабораторимæ, — дзуры Райæ. — Базæйы хорæн ныккаæн нæ уыди, æмæ йын æз та йæ хæрзхъæдддзинад бæрæг кодтон. Мæ фыдимæ цардыстæм ам, кусджытæн цы цæрæнбынæттæ уыдис, уыдонæй иуы. Æрыдонмæ та-иу, нæ хæдзармæ, къуырийы кæрон æрауадыстæм. 1942-æм азы ацыдтæн ахуырмæ Налцыкмæ, фæлæ дзы бирæ нæ фæдæн. Уыцы рæстæг немыц бырстой Кавказмæ. Тынг æвирхъау рæстæджытæ скодта адæмыл. Æхсæвыгон-иу "уæлдæфон фæдистæ" куы уыди, уæд-иу мах тæргæг-ризгæйæ, кæрæдзийы сæрты хаугæйæ, æддæмæ лыгъдыстæм. Уайтагъд нæ курс ныппырх, æмæ æз дæр ссыдтæн фæстæмæ, ныллæууыдтæн та мæ раздæры куыстуаты. Мæ фыд ма уыцы рæстæг уым куыста. Фæлæ мæ хæдфæстæ немыц дæр Ирыстонмæ схæццæ сты.

Тынг бирæ мулк уыди не 'скъæлдты, æмæ цæмæй знагæн ма баззайа, уый тыххæй йæ не'фсымæр Амырхан æмæ Тогызты Бодзыг бричкæтæй хохмæ ластой. Нæхæдæг та бидаркæ байдзаг кодтам хæринаг æмæ дарæсæй æмæ Црауы хъæдмæ араст стæм. Немæ раластам, базæйы цыдæриддæр документтæ уыдис, уыдон иууылдæр. Голладжы сæ ныккодтам æмæ сæ хъæды арсы дзыхъхъы бамбæхстам.

Уыцы рæстæджы Амырхан йæхи акæнын кодта хæстмæ, кæд ын йæ азтæм гæсгæ афон нæма уыд, уæддæр. Къола та Камышины, танковое училище кæй хуыдтой, уый каст куы фæци, уæд сси командир экипажа. Уый ма хæсты быдыры бæргæ агуырдта йæ кæстæры, фарста зонгæты, фыста йæм писмотæ, фæлæ, хъыгæгæн, Амырхан 1943-æм азы фæмард.

Мах Црауы хъæдæй нæ хæдзармæ куы рацыдыстæм, уæд дзы æрæййафтам немыцæгты. Уыдон нæ агъуыстыты бæстон æрбынат кодтой, мах та акъопп скъахтам цæхæрадоны æмæ уым цардыстæм. Нæ мад-иу хæринаг кодта хæдзары пецы, фæлæ-иу æй немыцаг офицертæ куы уагътой, куы — нæ. Абоны хуызæн ма мæ зæрдыл лæууы, иухатт уый стыр пух дзултæ скодта, фæлæ йын сæ байстой. Ма-хæн та радтой, сæхимæ цы сау дзултæ уыди, уыдон. Уымæй уæлдай нæ ницæмæй хъыгдæрдтой. Сæ танчытæй иу æмбæхст уыдис нæ цæхæрадоны, иннæ та — æддейы, нæ хæдзары рæбын цы стыр дзыхъхъ скъахтой, уым. Уыцы рæстæг нæ кæстæр æфсымæр Сослан дæр æгуыстæй нæ бадт. Йе 'мгар лæппутимæ куыстой æфсæнвæндаджы станцæйы — йæ бон цæмæй уыд, уымæй æххуыс кодта фронтæн.

Декабры немыцæгтæн уыди сæ Цыппурс, æмæ тынг цин кодтой, сæхицæй райстой лæвæрттæ, дзыхæй цæгъдгæ фæндыртыл цагътой, уыдысты хъæлдзæг. Фæлæ сæ бæрæгбон бирæ нæ ахаста, уæдмæ сырх æфсæддонтæ Æрыдонмæ схæццæ сты. Æмæ ма ныр дæр мæ цæстытыл ауайы, сосайы куыд тахтысты, чи танкты бадгæйæ, чи мотоциклты, уый. Уæд мах дæр акъоппæй нæ хæдзармæ бацыдыстæм. Фæлæ нын дзы немыц рудзгуытæ дæр нал ныууагътой. Уазал сын уыди, æвæццæгæн, æмæ сæ уымæ гæсгæ рафтыдтой æмæ сæ пецы æндзæрстой.

Хæсты размæ Къола арæх фыста æрмæджытæ газетмæ. Æххуыс та йын кодта газеты уæды редактор Хосроты Михал, кæцы æнхъæл уыди, æмæ Къола йæ фидæн сбæтдзæн журналистикæимæ. Фæлæ, куыд зонæм, афтæ нæ рауади. Курдиаты уылæнтæ йæ ахастой ирон театры сценæмæ. Тæбæхсæуты Балойы куы федта сценæйыл хъазгæ, уæд Къолайы дæр бафæндыд артист суæвын. Æмæ Хосроты Михалы руаджы бацыд театралон скъоламæ.



— Къола цæстуарзонæй фæцарди адæмимæ, тынг æнувыд уыд йæ ныййарджытыл, — дзуры Райæйы чызг Эммæ. — Дзæуджыхъæуы куы райдыдта цæрын, уæд-иу алы къуыри дæр Æрыдонмæ цыд йæ мад æмæ йæ фыды бæрæг кæнынмæ. Телевизортæ куы фæзындысты, уæд йæхицæй раздæр йæ ныййарджытæн балхæдта. Уымæ бакæсынмæ-иу Саламты Михалы хæдзары æрæмбырд сты сыхæгтæ. Мидæгæй-иу быват куы нал уыдис, уæд-иу Адес телевизор сæвæрын кодта рудзынгыл, æмæ-иу адæм уынджы рабадтысты. Афтæ ма-иу цыдыстæм Дзыгасты Хъаздæхритæм дæр, уыдонмæ та се 'ппæтæй раздæр фæзынд патефон, бакодтам-иу пластинкæтæ æмæ-иу зарджытæм хъуыстам.

Райæ 1947 азы фыццæгæм майы Никъалайы номыл бакъахдзæф кодта Тлатты Заурбеджы хæдзармæ. Бинонтæ ног чындзимæ баисты дыуудæс адæймаджы.

— Хæринагæй хъуаг æййафтам, фæлæ цардыстæм æнгом, — зæгъы Райæ. — Тынг мæ бауарзтой мæ ног бинонтæ, нæ хæдзары хицау йæ хорз ахаст мæнмæ искæйы раз æмбæхсгæ дæр нæ кодта.

Бæрзонд æмæ хæрзконд кæй уыдтæн, уымæ гæсгæ-иу худгæйæ арæх дзырдта: "Æллæх, æллæх, мæ кæрты дзы цы рацæйцæуы!" Мæ цардæмбал куыста заготзернойы, æмæ йын радтой цæрæнуат. Уырдæм ацæуæм, зæгъгæ, нæ йæ фыд уадзгæ кодта?!

Тлатты Никъала æмæ Райæйæн ис дыууæ чызджы æмæ цоты цот — астæй. Райæ бирæ азты фæкуыста заготзернойы, консервгæнæн заводы, æфсæнвæндаджы станцæйы, райпойы.

Арæх æрлæууынц йæ зæрдыл ивгъуыд царды ныв тæ.

— Кæд зын рæстæджытæ скодта мах фæлтæрыл, уæддæр хорз уый уыдис, æмæ иумæ лымæнæй цардыстæм, — дзуры Райæ. — Фæсивæд быдыры куыстой æмæ-иу кæд цыфæндыйы фæллад уыдысты, уæддæр-иу рæстæг ссардтой сæхи бахъæлдзæг кæнынæн. Фæскуыст-иу æрæмбырд стæм, сарæзтам-иу хъазт, Дзугаты Кимæ та-иу нын балалайкæйыл цагъта.

Акъоппыты куы цардыстæм, уæд та нас, цæхдон, цæхджынтæ уыдысты нæ хуыздæр хæринагтæ. Йæ къухы-иу кæмæн цы бафтыд, уый лæвæрдта иннæтæн. Афтæ зæгъæн ис, æмæ уыцы рæстæг мах кæрæдзийы руаджы ирвæзтыстæм.

Тынг бирæ дзуринæгтæ ис. Адæймаджы зæрдыл цы нæ 'рлæууы, цы... Мемæ иу къласы чи ахуыр кодта, уыдонæй ма ис Баскаты Нинæ, Милинкæйæ хуыдтам. Цæры Бæрæгъуыны, кæрæдзимæ арæх фæдзурæм телефонæй. Æрымысæм, кæимæ ахуыр кодтам, уыдоны — Тогызты Хъауырбеджы 'фсымæр Æхсары, Боситы Зæирæйы, Дзугаты Исламы, Дзыгасты Таймуразы.

Фæнды мæ, цæмæй æрыдойнæгтæ ма рох кæной, раздæры фæлтæрмæ цы хорздзинæдтæ уыдис, уыдон. Цæмæй æрыгæттæ мах хуызæн хæларæй цæрой кæрæдзиимæ. Стыр бузныг зæгъын мæ фæнды социалон æххуысады кусджытæ Томайты Зитæ æмæ Мамукъаты Зифæйæн. Уæ лæггадыл фæсмойнаг макуы фæут, уæ кæстæртимæ та амонджынæй цæрут.

Мамукъаты Зифæ у, Райæмæ цы социалон кусæг зилы, уый. Зифæ йæхæдæг куыд зæгъы, уымæ гæсгæ йæм Райæ мидбылхудгæ куы ракæсы, уæд ын уымæй æхсызгондæр ницы вæййы.

— Не 'хсæн хорз ахастдзинæдтæ, мæнмæ гæсгæ, ис Райæйы фæрцы, — зæгъы Зифæ. — Уый у куырыхон хистæр, æмбаргæ сылгоймаг, удыхъæдæй сыгъдæг адæймаг. Иу ныхасæй, Райæйы хуызæн дыккаг зын ссарæн у. Æмæ мæ фæнды, цæмæй ма не 'хсæн бирæ азты æнæнизæй æмæ зæрдæрухсæй цæра.

**ЧЕХОЙТЫ Фатимæ.**